

## OU TE FÈK SOUMÈT RENOUVELMAN OU: Oswa Demann Lòt Avantaj:



# KISA K AP PASE APRE?

Si ou enskri pou resevwa avi nan imèl nan Kont MyACCESS ou, w ap resevwa yon avètisman nan imèl ou lè nou mete yon avi nan kont ou. Si ou pa t enskri pou resevwa avi nan imèl, n ap voye avi yo pou ou pa lapòs Etazini. Si ou chanje adrès, w ap bezwen fè yon Chanjman Adrès nan Kont MyACCESS ou pou sistèm nou an kapab konnen kote pou nou voye avi yo ak kat EBT ranplasman yo ba ou.

### ETAP 1. Nou revize renouvèman/demann ou pou wè si ou bezwen yon entèvyou.

- ✓ Si ou bezwen yon entèvyou:
  - N ap rele ou nan **5** jou nan nimewo telefòn ou te bay la. Si nou pa kapab jwenn ou n ap kite yon mesaj pou ou epi n ap voye yon avi ba ou avèk enfòmasyon pou kontakte nou.
  - Pandan entèvyou a, n ap poze ou kèk kesyon sou sitiyasyon moun lakay ou.
  - Nou ka poze ou kèk kesyon tou pou ede nou verifiye idantite ou.

### ETAP 2. Ou ka bezwen bay lòt enfòmasyon.

- ✓ N ap ba ou oswa n ap voye ba ou yon avi k ap montre ou sa nou bezwen yo.
- ✓ Avi a ap ba ou yon dat limit pou bay enfòmasyon ki nesèsè yo. Men kèk egzanp:
  - Dokiman ki pwouve idantite ou, sitwayènte ou, ak kondisyon ou kòm moun ki pa sitwayen ameriken.
  - Dokiman ki pwouve revni ki touche nan travay ak revni ki touche san travay pou chak moun k ap viv lakay ou (tankou kat dènye semèn souch chèk peman, sipò timoun, avi ki soti nan Sekirite Sosyal oswa nan Administrasyon Veteran)
- ✓ Ou kapab voye dokiman ou yo pa lapòs, fakse yo, oswa telechaje yo nan Kont MyACCESS ou, oswa ou kapab pote enfòmasyon yo nan yon biwo lokal oswa patnè kominotè. **Tanpri ekri nimewo ACCESS ou oswa nimewo dosye ou, non ou, dat ou fèt, nimewo telefòn ou, elatriye, sou tout enfòmasyon w ap ban nou yo.**
- ✓ Kite **3** jou pase pou Kont MyACCESS ou montre enfòmasyon nou te resevwa yo.

### ETAP 3. Nou resevwa enfòmasyon ou yo epi n ap travay sou renouvèman/demann ou.

- ✓ Bezwen ou yo enpòtan epi nou vle asire chak fanmi resevwa avantaj kòrèk la. N ap kontakte ou si gen nenpòt lòt bagay ki nesèsè pou nou travay sou renouvèman ou.
- ✓ Si w ap aplike pou Medicaid pou premye fwa, ou ka chwazi yon plan swen kontwole Medicaid kounye a sou sitwèb Enskripsyon Eksprès: [www.smmcxpressenrollment.com](http://www.smmcxpressenrollment.com). Si ou pa chwazi yon plan, n ap chwazi youn pou ou.

### ETAP 4. Nou detèmine kalifikasyon ou.

- ✓ **Èd Manje oswa Èd Lajan Kach:**
  - Si ou kalifye pou premye fwa, epi si nou apwouve dosye ou, n ap voye yon kat Transfè Elektwonik Avantaj [Electronic Benefits Transfer (EBT)] ba ou ansanm avèk yon tiliv k ap fè ou konnen kijan pou itilize kat ou.
  - Si ou te resevwa avantaj yo nan dènye 24 mwa yo ou p ap resevwa yon nouvo kat EBT. Ou kapab itilize dènye ka tou jouk nan dat **Good Thru** (ekspirasyon). Si ou te chanje adrès depi lè nou te ba ou kay la, tanpri soumèt yon Chanjman Adrès nan Kont MyACCESS ou.
  - Si ou bezwen èd avèk kat ou, kontakte **Sèvis Kliyantèl EBT: 1-888-356-3281**.
- ✓ **Medicaid:**
  - Si ou toujou kalifye pou Medicaid ou ka kontinye itilize dènye kat koulè lò Medicaid ou. Tanpri fè nou konnen si kat ou pèdi oswa si yo vòlè li. Si ou fèk kalifye, w ap resevwa yon kat koulè lò pa lapòs pou moun lakay ou ki kalifye yo. Ajans pou Administrasyon Swen Sante [Agency for Health Care Administration (AHCA)] ap voye enfòmasyon Choice Counseling ba ou si ou bezwen chwazi yon plan swen sante kontwole. Si ou pa t chwazi yon plan pandan nou t ap travay sou renouvèman/demann ou, n ap chwazi yon plan pou ou.
- ✓ **Si ou pa kalifye pou yon avantaj oswa pou tout avantaj yo (Èd Manje oswa Èd Lajan Kach oswa Medicaid):**
  - W ap resevwa yon avi pa lapòs ak nan Kont MyACCESS ou pou eksplike ou rezon (yo) ki fè ou pa kalifye.

Sitwèb enpòtan yo: [www.myflorida.com/accessflorida/](http://www.myflorida.com/accessflorida/) - Konekte nan Kont MyACCESS  
[www.dcf.state.fl.us/access/CPSLookup/search.aspx](http://www.dcf.state.fl.us/access/CPSLookup/search.aspx) - Chèche yon patnè kominotè  
[www.smmcxpressenrollment.com](http://www.smmcxpressenrollment.com) - Konsèy sou Chwa (1-877-711-3662)

#### Enfòmasyon enpòtan w ap bezwen konnen:

Nimewo ACCESS ou oswa nimewo dosye ou \_\_\_\_\_

Enfòmasyon pou konekte nan Kont MyACCESS \_\_\_\_\_

W ap bezwen konnen bagay sa yo pou jwenn enfòmasyon sou dosye ou.